

Panganggenipun Tembung Rangkep Wonten ing Kempalan Cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito H. S. Kangge Nggambaraken Wosipun Cariyos

Lusia Sulvia Ningrum

SMP Negeri 1 Tersono

Jalan Raya Tersono, Kec.Tersono, Kabupaten Batang Kode Pos 51272 Telp. 0285 4469742

Email: lusiashe@gmail.com

Sarining Panaliten: Ancasipun panaliten menika kangge ngandharaken jinis, makna ewahipun saha ginanipun tembung rangkep wonten ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose Anggitanipun Sugito H.S. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Sumber *data* panaliten menika arupi kempalan cerkak kanthi irah-irahan Godhong Suruh Temu Rose. *Data* ing panaliten menika awujud *satuan lingual* ingkang kalebet panandha jinis, makna ewahipun saha ginanipun tembung rangkep. *Data* menika dipunkempalaken kanthi *teknik* maos saha nyerat. Piranti ingkang dipunginakaken inggih menika panaliti piyambak saha kertu *data*, lajeng *data* dipun-analisis kanthi *teknik metode analisis isi* inggih menika ngandharaken jinis, makna ewahipun saha ginanipun tembung rangkep adhedhasar konteks ukaranipun. Kangge manggihaken *validitas data*, dipunginakaken *validitas* kanthi *triangulasi teori*, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas data* ngginakaken *reliabilitas stabilitas*. Asiling panaliten menika ngandharaken jinis tembung rangkep ingkang dipunpanggihaken wonten ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito H.S. wonten gangsal, inggih menika : (a) dwilingga, (b) dwipurwa, (c)dwilingga salin swara, (d) dwilingga mawi wuwuhan saha (e) dwilingga semu. Dene makna ewahipun awit saking proses reduplikasi wonten tiga, inggih menika: (a) *makna jamak*, (b) *makna penekanan* saha (c) *makna ketidaktentuan*. Ingkang pungkasan, ginanipun tembung rangkep, inggih menika kangge ngandharaken teges jamak, nyagetaken surasa, ngandharaken teges sanajan, ngandharaken teges tansah, nggadhahi teges gadhah saha ateges samubarang ingkang kaananipun kados ingkang kacetha ing lingganipun tembung.

Pamijining tembung: tembung rangkep, kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose

Abstract: The purpose of this study is to explain the types and the meanings of usefulness words changes over in the short story collection by Sugito H.S. This study was included in the descriptive study. The sources of research data were in the form of short stories collection entitled Godhong Suruh Temu Rose. The research data used intangible lingual unit including a type of identifier, meaning change and re-usability said. The data were collected by reading techniques and taking note techniques. The tools used in this study were researchers themselves and the data card. The content analysis method that describes the type, the meaning and usefulness of the word changes based on the content of the sentence were used to analyze the data. The stability validity was used to determine the reliability of the data. The results of this study described that the types of repeated words were found in a collection of short stories by Sugito H.S, namely 5, dwilingga, dwipurwa, dwilingga salin swara, dwilingga mawi wuwuhan and dwilingga semu. The meaning changed due to the process of reduplication influenced by the plural meaning, the emphasized meaning, and the uncertainly meaning. The last used of these words again was explaining the plural, emphasizing a sense, explaining the meaning of suppositions, explaining the manning of habit which had explained the meaning and had the same meaning to word base.

Keywords: reduplication, short story collection entitled Godhong Suruh Temu Rose

1. PURWAKA

Cerkak utawi cerita cekak menika kalebet salah satunggaling karya sastra ingkang prasaja basanipun. Basa ingkang dipunginakaken wonten cerkak menika gumantung kaliyan kawontenan ingkang dipuncariyosaken dening penganggit. Cerkak inggih menika cariyos ingkang saged dipunwaos kanthi cepet, kinten-kinten setengah jam dumugi kalih jam. Cerkak menika awujud karya fiksi ingkang dipunsusun saking unsur intrinsik saha ekstrinsik. Unsur-unsur kasebat dening penganggit dipuncariyosaken ngginakaken tembung-tembung ingkang

maneka warni. Salah satunggaling tembung ingkang kathah dipunpanggihi wonten ing kempalan cerkak GSTR menika tembung rangkep. Tembung-tembung menika dipunginakaken kange nggamaraken wosipun cariyos supados pamaos saged langkung imajinatif. Adhedhasar nyemak wosipun cariyos, kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito H.S menika salah satunggaling cerkak ingkang ngginakaken tembung ingkang maneka warni. Ukara wonten ing kempalan cerkak menika kasusun saking mapinten-pinten tembung. Salah satunggaling tembung ingkang kathah dipunpanggihi menika tembung rangkep. Jinisipun tembung rangkep wonten ing kempalan cerkak GSTR menika maneka warni, antawisipun dwilingga, dwipurwa, dwilingga salin swara, dwilingga mawi wuwuhan saha dwilingga semu. Sedaya jinis tembung rangkep menika nggadhahi fungsi kange ngiyataken wosipun cariyos supados langkung imajinatif.

Tembung rangkep menika salah satunggaling wujud saking tetembungan ing basa Jawi. Basa Jawi menika kasusun saking maneka warni tetembungan, kadosdene tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, tembung camboran, tembung aran, tembung kriya, tembung sipat, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung panggandheng, tembung cancer-cancer, tembung panyilah, saha tembung panyeru. Tembung rangkep utawi *reduplikasi* menika mlebet ing bidang kajian morfologi. *Proses morfologi* menika wonten tigang jinis, *afiksasi*, *komposisi* saha *reduplikasi*. *Reduplikasi* inggih menika tembung ingkang dipunpocapaken ambal pindo, saperangan utawi sedaya. *Proses reduplikasi* menika saged nedahaken makna enggal, antawisipun *makna jamak*, *makna penekanan* saha *makna ketidaktentuan*. Tembung rangkep utawi *reduplikasi* kaperang 6 cacah, kadosdene dwilingga, dwipurwa, dwilingga salin swara, dwiwasana, dwilingga mawi wuwuhan, saha dwilingga semu.

2. GEGARAN TEORI

Miturut Ramlan (1987: 21) morfologi inggih menika cabang ngelmu basa ingkang ngandharaken utawi nyinau seluk-beluk tembung kaliyan ewah-ewahan wujud tembung, fungsi gramatik utawi fungsi sintaksis. Objek kajian morfologi inggih menika bab-bab ingkang gegayutan kaliyan wujud tembung utawi *struktur* tembung. Morfologi ugi kasebut cabang ilmu *linguistik* ingkang nyinaoni bab wujud tembung, ewahipun tembung saha dampak saking ewahipun tembung menika (Mulyana, 2007: 6). Ramlan (1987: 57) ngandharaken bilih proses morfologi inggih menika proses pandapuking tembung-tembung saking satuan sanesipun ingkang awujud lingga.

Umumipun proses morfologi kaperang dados 3 wujud, inggih menika: *afiksasi*, *reduplikasi* saha *komposisi*. *Afiksasi* inggih menika proses wuwuhan. Proses menika kaperang wonten ing macem-macem jinis. Afiksasi kasusun saking *prefiks* (ater-ater), *infiks* (seselan), sufiks (panambang), saha konfiks (gabungan 2 afiks ing ngajeng saha ing wingking). *Reduplikasi* inggih menika proses nggabungipun tembung kaliyan bahan dasar tembung ingkang asilipun tembung, kanthi cara ngambali saperangan utawi sedayanipun. Ewadene, *komposisi* utawi tembung camboran inggih menika proses nggabungipun 2 utawi langkung saking morfem wiwit, mawi wuwuhan utawi mboten.

Reduplikasi wonten ing basa Jawi ugi dipunsebat tembung rangkep. Tembung rangkep inggih menika tembung lingga ingkang karangkep. Tembung rangkep menika kaperang dados enam jinis, inggih menika dwilingga, dwipurwa, dwilingga salin swara, dwiwasana, dwilingga mawi wuwuhan saha dwilingga semu. Dwilingga inggih menika tembung lingga ingkang karangkep. Pangrangkepipun tembung lingga karangkep wetah. Dwipurwa inggih menika tembung ingkang dumados saking pangrangkepipun purwanipun tembung lingga utawi pangrangkepipun wanda wiwitinan tembung. Dwilingga salin swara inggih menika

tembung lingga ingkang karangkep wetah nanging pangrangkepipun mawi ewah-ewahan swanten. Dwiwasana inggih menika tembung ingkang ngrangkep wanda wekasan utawi ngrangkep wasananipun tembung. Dwilingga mawi wuwuhan inggih menika wujudipun sami kaliyan tembung dwilingga, dwilingga salin swara, dwipurwa nanging mawi wuwuhan ingkang awujud ater-ater, seselan utawi panambang. Ingkang pungkasan, dwilingga semu inggih menika wujud morfem ingkang katingal kenging proses *reduplikasi* nanging sejatosipun tembung lingga, saengga boten kenging proses menika.

Wonten ing proses reduplikasi menika tembung enggal nggadhahi makna enggal awit saking proses morfologis menika. Miturut Soepomo (lumantar Nanik, 2010: 87) makna reduplikasi menika wonten tigang jinis, inggih menika *makna jamak/pluralis*, *makna penekanan*, saha *makna ketidaktentuan*. *Makna jamak* menika wonten awit saking proses *reduplikasi* tembung aran ingkang nggadhahi gunggung kathah. Menawi proses reduplikasi menika wonten ing tembung kriya dados tegesipun nedahaken solah bawa ingkang dipuntindakaken langkung saking sepisan utawi kaping-kaping. *Makna penekanan* biasanipun saged wonten ing dwilingga saha dwilingga salin swara. Proses menika nedahaken teges *penekanan*. Pungkasan *makna ketidaktentuan* saged wonten ing dwilingga salin swara. Biasanipun makna kasebat nedahaken solah bawa, ancas solah bawa, saha *frekuensi* solah bawa.

Tembung rangkep ugi nggadhahi gina wonten ing cariyos, miturut Antonsuhono (1956: 37) ngandharaken ginanipun tembung rangkep menika kaperang dados 3 inggih menika ginanipun tembung dwilingga, dwiwasana, saha dwipurwa.

a. Ginanipun tembung dwilingga:

- 1) Dados naminipun barang. Tuladhanipun: lopak-lopak, agul-agul, orong-orong, lsp.
- 2) Dados tembung kaanan. Tuladhanipun: rintik-rintik, ringih-ringih, manger-mangar, lsp.
- 3) Nglampahi pegaweyan. Tuladhanipun: Sarijem wis omah-omah oleh Sarijan.
- 4) Menawi lingganipun rimbag dwilingga menika tembung kaanan, mratelakaken, ingkang gadhah kaanan menika kathah. Tuladhanipun : Dalan ing Jakarta, jembar-jembar lan alus-alus. (dalanipun kathah, jembar saha alus sanajan boten sami jembar alusipun).
- 5) Nggadhahi teges banget, menawi tembung lingga menika wujud pamenging. Tuladhanipun: Jangane aja asin-asin.
- 6) Nggadhahi teges tansah. Tuladhanipun: Yagene, aku kok ora pinter-pinter. (ora pinter-pinter = tansah ora pinter).
- 7) Nggadhahi teges sanajan. Tuladhanipun: alon-alon anggere kelakon. (alon-alon = sanajan alon).
- 8) Barang ingkang kaananipun kasebat ing lingganipun boten cetha. Tuladhanipun: Hadi, abang-abang iku apa?
- 9) Ateges angsalipun nindakaken pegaweyanipun. Tuladhanipun: Gunung Merbabu iku angel unggah-unggahane. (unggah-unggahane = enggone munggah)
- 10) Nggadhahi teges wayah, mangsa kados kasebat wonten ing lingganipun.
- 11) Ateges intensif (sampun notog). Tuladhanipun: Dawa-dawane mung semester. (dawa-dawane = ingkang langkung panjang sampun boten wonten)
- 12) Ateges boten gumathok saha tumindakipun marambah-rambah. Tuladhanipun: Kowe, Sarija, lungguhmu mapana, aja ngolah-ngalah wae.
- 13) Ateges saperangan utawi sedayanipun. Tuladhanipun: Garapen sabisa-bisamu.
- 14) Nggadhahi teges mbangetaken tembung boten. Tuladhanipun: Mara dayoh ora isin-isin.

b. Ginanipun tembung dwipurwa:

- 1) Boten mesti barangipun. Tuladhanipun: Kowe kuwi yen tetuku pijer kelarangen. (tetuku = barang kang dituku ora mesti).
- 2) Nggadhahi teges gadhah utawi ngangge. Tuladhanipun: Sarinah sampun gegriya ing Putat.
- 3) Ateges samubarang ingkang kaananipun kados ingkang kacetha ing lingganipun tembung. Tuladhanipun: Di padha resikan, saiki ungsum lelara.

c. Ginanipun tembung dwiwasana:

- 1) Dados tembung kaanan. Tuladhanipun: Anake padha pating kelelet.
- 2) Menawi tembung dwiwasana pikantuk panambang -an, tegesipun nglampahi pegaweyan. Tuladhanipun: Aja padha cuwewekan, mundhak dadi ati. Sasangka, (2001: 94) ugi ngandharaken bilih tembung rangkep menika ngemu teges kathah (jamak), mbangetaken utawi nyagetaken suraos, nggadhahi teges sanajan saha nggadhahi teges tansah khususipun tembung dwilingga saha dwilingga salin swara. Saking andharan ing nginggil, panaliti mendhet dudutan bilih ginanipun tembung rangkep menika kaperang dados 3, ginanipun tembung dwilingga inggih menika ngemu teges jamak, nyagetaken surasa, nggadhahi teges sanajan, nggadhahi teges tansah; ginanipun tembung dwipurwa inggih menika boten mesti barangipun, nggadhahi teges gadhah utawi ngangge, ateges samubarang ingkang kaananipun kados ingkang kacetha ing lingganipun tembung; saha ginanipun tembung dwiwasana inggih menika dados tembung kaanan lan menawi tembung dwiwasana pikantuk panambang -an, tegesipun nglampahi pegaweyan.

3. CARA pANALITEn

Jinisipun panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Miturut Sudaryanto (1988: 62) bilih panaliten deskriptif inggih menika panaliten ingkang ngandharaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun. *Data-data* menika dipunpadosi wonten ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito H.S. Kempalan cerkak menika dipunginakaken kangge sumber *data* panaliten saengga *data-data* ingkang dipunpanggihi saha dipunginakaken wonten ing panaliten menika saestu *data representatif* saha boten *data* rekayasa.

Piranti panaliten inggih menika piranti ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* panaliten. Piranti ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika awujud kertu *data*. Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika dipunlampahi kanthi teknik maos saha teknik nyerat. Teknik maos inggih menika maos sedaya *data* ingkang wonten ing kempalan cerkak GSTR kanthi ngatos-atos saha tliti supados saged nemtokaken panganggening tembung rangkep. Teknik nyerat inggih menika nyerat sedaya *data* ingkang sampun dipunpanggihi saking asiling maos cerkak.

Panaliten menika anggenipun nganalisis *data* ngginakaken *metode analisis isi*. *Metode analisis isi* ngrembag bab tembung-tembung ingkang kalebet tembung rangkep adhedhasar konteksipun. Lampahipun inggih menika data saking kertu *data* dipunjumbuhaken kaliyan cerkak, lajeng data ingkang sampun jumbuh dipunkempalaken saha dipunidentifikasi adhedhasar *kategori* panaliten ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis inggih menika madosi tembung-tembung rangkep saha jinisipun wonten ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose anggitanipun Sugito H.S. pungkasan inggih menika *data* dipunanalisis bab wujud satuan gramatikalipun saha ginanipun tembung rangkep wonten kempalan cerkak GSTR anggitanipun Sugito H.S. Salajengipun damel dudutan saking sedaya pirembagan ingkang dipunlampahi.

Saksampunipun dipuntindakaken *cek saha ricek* utawi dipuntliti *datanipun lajeng validitas* dhata kaukur kanthi *triangulasi teori*. *Triangulasi teori* wonten ing panaliten inggih menika nandhingaken dhata saking asiling panaliten kaliyan *teori-teori* ingkang jumbuh (Setiyadi, 2006: 32). Kejawi menika ugi ngagem *pertimbangan* saking para *ahli* inggih menika kanthi cara *konsultasi* bab asiling panaliten. Konsultasinipun kaliyan tiyang ingkang *ahli* saha nguwaosi bidang ingkang dipuntliti inggih menika *dosen pembimbing*. *Reliabilitas* menika dipunginakaken kagem nguji *data* kanthi tliti. Awit saking menika, panaliten ngginakaken *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* dipunginakaken kagem ngukur *data* ingkang dipunambali kaping kathah nanging asilipun sami, kanthi sarat *data-data* ingkang kaukur kawontenanipun sami ananging wekdalipun beda (Setiyadi, 2006: 17).

4. ASILING pANALITEn SAHA pIREMBAGAn

Asiling panaliten bab panganggenipun tembung rangkep wonten ing kempalan cerkak GSTR menika dipunpangghihi 5 jinisipun tembung rangkep, inggih menika dwilingga, dwipurwa, dwilingga salin swara, dwilingga mawi wuwuhan saha dwilingga semu.

4.1. Dwilingga

Sampel data ingkang kapanggihaken ing panaliten inggih menika kados mekaten. Butuh pupur, butuh benges, butuh **apa-apa**, supaya katon ayu. (DL:7/GSTR) Data ing nginggil wonten tembung **apa-apa** ingkang nggadhahi teges ‘luwih-luwih’. Tembung **apa-apa** menika kalebet ing jinis dwilingga. Miturut Sasangka (2001: 92), dwilingga inggih menika tembung lingga ingkang karangkep wetah. Tembung **apa-apa** kalebet jinis dwilingga amargi tembung lingganipun karangkep wetah, inggih menika ‘apa’. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga apa ingkang ateges ‘apa, pitakon nakokaken aranipun barang’. Tembung **apa-apa** menika nedahaken *makna ketidaktentuan* awit saking *proses reduplikasi*. Miturut Soepomo (Iumantar Nanik, 2010: 87)), *makna ketidaktentuan* biasanipun nedahaken solah bawa, ancas solah bawa, saha *frekuensi* solah bawa. Menawi dipuntingali saking konteksipun tembung **apa-apa** menika nedahaken frekuensi. Wonten ing kempalan cerkak GSTR, tembung **apa-apa** menika dipunginakaken kangge ngandharaken teges jamak bilih supados katingal ayu menika mbetahaken menapa-menapa.

Alon-alon ambeganku tak tata. (DL:18/GSTR)

Tembung **alon-alon** wonten ing data 18 menika nggadhahi teges rindhik-rindhik. Tembung rangkep menika saking tembung lingga alon ingkang ateges ‘rindhik’. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep **alon-alon** menika kalebet jinis dwilingga amargi tembung lingganipun karangkep wetah. Tembung menika nedahaken *makna ketidaktentuan* amargi nedahaken *frekuensi*. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun tembung rangkep **alon-alon** menika kangge nyangetaken suraos bilih paraga nata ambeganipun kanthi alon-alon.

Dumadakan swarane kondhektur bis sing dhuwur lencir, ning ireng iki, medhot **lamat-lamat** wejangane simbah. (DL:10/GSTR)

Tembung **lamat-lamat** wonten ing data 10 menika nggadhahi teges ‘lamat-lamat’. Tembung **lamat-lamat** menika kalebet jinis dwilingga, amargi tembung lingganipun karangkep wetah. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga lamat ingkang

ateses ‘boten cetha’. Tembung **lamat-lamat** menika nedahaken *makna penekanan*. Miturut Soepomo (lumantar Herawati, 2010: 87)), *makna penekanan* biasanipun saged wonten ing dwilingga saha dwilingga salin swara. Tembung **lamat-lamat** menika nedahaken *makna penekanan* amargi nedahaken teges *penekanan*. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung rangkep menika dipunginakaken kangge nyagetaken surasa bilih swantenipun kondhektur lamat-lamat medhot wejanganipun simbah.

Wis ora **kurang-kurang**, Pram. (DL:23/GSTR)

Tembung **kurang-kurang** wonten ing data 23 nggadhahi teges ‘kirang-kirang’. Tembung **kurang-kurang** menika kelebet jinis dwilingga amargi tembung lingganipun karangkep wetah. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga kurang ingkang ateges ‘kirang’. Tembung kurang-kurang menika nedahaken *makna jamak* awit saking proses *reduplikasi* amargi nedahaken gunggung kathah. Bab menika ugi saged dipunbuktikaken, bilih menawi dipunlesapaken dados tembung **kurang** namung nggadhahi makna kirang ingkang dipunlampahi kaping sepisan. Ananging, sasampunipun kenging proses reduplikasi dados tembung **kurang-kurang** ndadosaken maknanipun ewah dados *makna jamak*, inggih menika menging kanthi kaping-kaping. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **kurang-kurang** dipunginakaken kangge ngandharaken teges tansah bilih paklikipun Pramana menika tansah paring pamenging kaliyan tiyang sepuhipun Pramana.

4.2. *Dwipurwa*

Sampel data ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih menika kados mekaten. Aku durung nemu ukara sing terang kanggo **cecawis** mangsuli pitakon ajeg sing mesthi gawe atiku ndhredheg. (DL:1/GSTR)

Tembung **cecawis** wonten ing data 1 menika nggadhahi teges ‘tata-tata ing saderengipun’. Tembung **cecawis** menika kalebet dwipurwa amargi dumados saking pangrangkepipun wanda wiwitanipun tembung lingga. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga cawis ingkang ateges ‘sadhiya’. Tembung cawis menika menawi dipunrangkep wanda wiwitanipun tembung lingga dados cacawis nanging biasanipun ewah dados **cecawis** supados gampil anggenipun ngendikaken. Miturut Sasangka (2001: 90), dwipurwa inggih menika tembung ingkang dumados saking pangrangkepipun purwanipun tembung lingga utawi pangrangkepipun wanda wiwitaning tembung lingga. Tembung **cecawis** menika nedahaken *makna penekanan* awit saking proses *reduplikasi* amargi nedahaken teges *penekanan*. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **cecawis** dipunginakaken kangge negesi samubarang ingkang kaanipun kados ingkang kacetha ing lingganipun tembung bilih paraga dereng samekta kange mangsuli pitakenan.

Mulya-mulyane wong urip neng alam donya kuwi, nek wis ndungkap mangsane banjur urip **jejodhon**, tresna-tinresnan. (DL:3/GSTR)

Tembung **jejodhon** wonten ing data 3 menika nggadhahi teges ‘sareng-sareng kaliyan jodhonipun’. Tembung **jejodhon** menika kalebet dwipurwa amargi dumados saking pangrangkepipun wanda wiwitanipun tembung lingga. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga jodho ingkang ateges ‘cocog’. Tembung jodho menika menawi dipunrangkep wanda wiwitanipun tembung lingga dados jojodho nanging biasanipun

ewah dados **jejodhon** supados gampil anggenipun ngendikaken. Tembung **jejodhon** menika nedahaken *makna penekanan* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken teges *penekanan*. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **jejodhon** menika dipunginakaken kangge negesi samubarang ingkang kaanipun kados ingkang kacetha ing lingganipun tembung bilih tiyang gesang menika mulyanipun kedhah gesang jejodhon menawi sampun pas wekdalipun.

Ing jaba, angin ngelus **gegodhong**, tan maelu nelangsane Pramana. (DL:25/GSTR)

Tembung **gegodhong** wonten ing data 25 menika nggadhahi teges ‘kathah ron’. Tembung **gegodhong** menika kalebet jinis dwipurwa amargi dumados saking pangrangkepipun wanda wiwitanipun tembung lingga. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga godhong ingkang ateges ‘peranganipun wit-witan ingkang awujud lembaran idjem mawi gagang’. Tembung godhong menika menawi dipunrangkep wanda wiwitanipun tembung lingga dados gogodhong nanging biasanipun ewah dados **gegodhong** supados gampil anggenipun ngendikaken. Tembung **gegodhong** menika nedahaken *makna jamak* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken gunggung ingkang kathah. Miturut Soepomo (lumantar Herawati, 2010: 87), *makna jamak* menika wonten awit saking *proses reduplikasi* tembung aran ingkang nggadhahi gunggung kathah. Bab menika ugi saged dipunbuktikaken, bilih menawi dipunesapaken dados tembung **godhong** namung nggadhahi makna setunggal ron. Ananging, sasampunipun kenging proses reduplikasi dados tembung **gegodhong** ndadosaken maknanipun ewah dados *makna jamak*, inggih menika menging kathah ron. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **gegodhong** dipunginakaken kangge negesi samubarang ingkang kaanipun kados ingkang kacetha ing lingganipun tembung.

Suwene rong taun **kekancan**, durung nate krungu dheweke muni-muni, ngluputake wong liya. (DL:105/GSTR)

Tembung **kekancan** wonten ing data 105 nggadhahi teges ‘memitrان’. Tembung kekancan menika kalebet jinis dwipurwa amargi pangrangkepipun wanda wiwitanipun tembung lingga. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga kanca ingkang ateges ‘mitra’. Tembung kanca menika menawi dipunrangkep wanda wiwitanipun tembung lingga dados kakanca nanging biasanipun ewah dados **kekancan** supados gampil anggenipun ngendikaken. Tembung **kekancan** menika nedahaken *makna penekanan* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken teges *penekanan*. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **kekancan** dipunginakaken kangge ngandharaken teges gadhah bilih paraga nggadhahi kanca ingkang dereng nate nglepataken tiyang sanes.

4.3. Dwilingga Salin Swara

Sampel data ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih menika kados mekaten. Senajan wong lanang kuwi wenang milih, ning aja njur trima **pilah-pilih**. (DL:8/GSTR)

Tembung **pilah-pilih** wonten ing data 8 menika nggadhahi teges ‘milih kanthi kathah’. Tembung **pilah-pilih** menika kalebet jinis dwilingga salin swara amargi pangrangkepipun mawi ewah-ewahan swanten. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga pilih ingkang ateges ‘milih’. Miturut Sasangka (2001: 92), dwilingga salin swara inggih menika tembung lingga ingkang karangkep. Pangrangkepipun mawi ewah-ewahan swanten.

Tembung **pilah-pilih** menika nedahaken *makna ketidaktentuan* amargi nedahaken frekunsi solah bawa ingkang kathah, terus-terusan anggenipun milih. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **pilah-pilih** dipunginakaken kangge ngandharaken teges jamak bilih tiyang jaler menika boten namung pilah-pilih kemawon.

"Mula, nek dikandhani wong tuwa kuwi ora mung **nggah-nggih** nggah-nggih ora kepanggih!" (data 50)

Tembung **nggah-nggih** wonten ing data 50 nggadhahi teges 'wangulan nggih kanthi kaping-kaping'. Tembung **nggah-nggih** menika kalebet jinis dwilingga salin swara amargi tembung lingga ingkang karangkep, parangkepipun mawi ewah-ewahan swanten. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga inggih ingkang ateges 'kangge wangulan mratelakaken cocog, saguh'. Tembung **nggah-nggih** menika nedahaken *makna jamak* awit saking proses *reduplikasi* amargi nggadhahi gunggung ingkang kathah. Bab menika ugi saged dipunbuktikaken, bilih menawi dipunlesapaken dados tembung **nggih** namung nggadhahi makna mangsuli nggih kanthi sepisan. Ananging, sasampunipun kenging proses reduplikasi dados tembung **nggah-nggih** ndadosaken maknanipun ewah dados *makna jamak*, inggih menika mangsuli nggih kanthi kaping-kaping. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **nggah-nggih** dipunginakaken kangge ngandharaken teges tansah bilih menawi dipunparangi wejangan tiyang sepuh menika boten tansah mangsuli inggih kanthi terus-terusan.

Wiwit mau kok **ona-anu** ora cetha kaya wangulane bocah ditari rabi?
(DL:122/GSTR)

Tembung **ona-anu** wonten ing data 122 menika nggadhahi teges 'ingkang-ingkang'. Tembung **ona-anu** menika kalebet jinis dwilingga salin swara amargi tembung lingga ingkang karangkep, pangrangkepipun mawi ewah-ewahan swanten. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga anu ingkang ateges 'sing, ingkang'. Tembung **ona-anu** menika nedahaken *makna ketidaktentuan* awit saking proses *reduplikasi* amargi nedahaken solah bawa. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **ona-anu** dipunginakaken kangge ngandharaken teges tansah bilih paraga boten saged mangsuli pitakenan tansah ona-anu boten cetha.

Mung **kethap-kethip** mripate. (DL:126/GSTR)

Tembung **kethap-kethip** wonten ing data 126 menika nggadhahi teges 'merem melek mripatipun'. Tembung **kethap-kethip** menika kalebet jinis dwilingga salin swara amargi tembung rangkep ingkang karangkep, pangrangkepipun mawi ewah-ewahan swanten. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga kethip ingkang ateges 'boten saged sare'. Tembung **kethap-kethip** menika nedahaken *makna penekanan* awit saking proses *reduplikasi* amargi nedahaken teges penekanan. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **kethap-kethip** dipunginakaken kangge ngandharaken teges tansah bilih paraga menika boten saged tilem, namung tansah kethap-kethip.

4.4. Dwilingga Mawi Wuwuhan

Sampel data ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih menika kados mekaten. **Mulya-mulyane** wong urip neng alam donya kuwi, nek wis ndungkap mangsane banjur urip jejodhon, tresna-tinresnan. (DL:2/GSTR)

Tembung **mulya-mulyane** wonten ing data 2 nggadhahi teges ‘luhuripun’. Tembung **mulya-mulyane** menika kalebet tembung dwilingga mawi wuwuhan amargi wujudipun sami kaliyan tembung dwilingga nanging dipunwuwuh panambang. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga mulya ingkang ateges ‘sarwa cekap saha bungah gesangipun’. Dwilingga mawi wuwuhan inggih menika sedaya jinis tembung rangkep ingkang angsal wuwuhan. Tembung mulya-mulyane menika nedahaken *makna penekanan* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken teges *penekanan*. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **mulya-mulyane** dipunginakaken kangge nyangtakan suraos kangge nggambaraken wosipun cariyos bilih mulyanipun tiyang gesang menika kedhah jejodhon.

Simbah kuwi kanggo tambah-tambah. Simbok kuwi kanggo **sakwanci-wanci** tombok. (DL:17/GSTR)

Tembung **sakwanci-wanci** wonten ing data 17 nggadhahi teges ‘sakwekdal-wekdal’. Tembung **sakwanci-wanci** menika kalebet jinis dwilingga mawi wuwuhan amargi wujudipun sami kaliyan dwilingga, nanging mawi wuwuhan. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga wanci ingkang ateges ‘wekdal’. Tembung **sakwanci-wanci** menika nedahaken *makna ketidaktentuan* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken frekuensi salah bawa. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **sakwanci-wanci** dipunginakaken kangge nyangtakan suraos bilih simbok menika namung kangge sakwekdal-wekdal kemawon.

Dilali-lali. (DL:37/GSTR)

Tembung **dilali-lali** wonten ing data 37 nggadhahi teges ‘boten kelingan-kelingan’. Tembung **dilali-lali** menika kalebet jinis dwilingga mawi wuwuhan amargi wujudipun sami kaliyan dwilingga nanging mawi wuwuhan. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga lali ingkang ateges ‘boten kelingan’. Tembung **dilali-lali** menika nedahaken *makna jamak* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken tembung kriya ingkang gunggungipun kathah. Bab menika ugi saged dipunbuktikaken, bilih menawi dipunlesapaken dados tembung **lali** namung nggadhahi makna boten kelingan. Ananging, sasampunipun kenging proses reduplikasi dados tembung **dilali-lali** ndadosaken maknanipun ewah dados *makna jamak*, inggih menika boten kelingan-kelingan. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **dilali-lali** menika dipunginakaken kangge ngandharaken teges tansah bilih tansah dipunsueaken.

Anak wedok siji, **didama-dama**, digadhang-gadhang, dikudang-kudang bisa mikul dhuwur mendem jero. (DL:51/GSTR)

Tembung **didama-dama** wonten ing data 51 nggadhahi teges ‘dipunaji-aji’. Tembung **didama-dama** menika kalebet jinis dwilingga mawi wuwuhan amargi wujudipun sami kaliyan dwilingga nanging mawi wuwuhan. Bab menika saged dipunbuktikaken, menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingganipun menika nggadhahi teges piyambak saha

nggadhahi kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung rangkep menika saking tembung lingga dama ingkang ateges ‘asor’. Tembung didama-dama menika nedahaken *makna jamak* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken tembung kriya ingkang gunggungipun kathah. Bab menika ugi saged dipunbuktikaken, bilih menawi dipunlesapaken dados tembung **dama** namung nggadhahi makna asor. Ananging, sasampunipun kenging proses reduplikasi dados tembung **didama-dama** ndadosaken maknanipun ewah dados *makna jamak*, inggih menika dipunaji-aji kanthi kaping-kaping. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **didama-dama** menika dipunginakaken kangge ngandharaken teges tansah bilih putrinipun menika tansah dipunaji-aji.

4.5. Dwilingga Semu

Sampel data ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten inggih menika kados mekaten.

Pramana anak **ontang-antinge**. Pramana wis gedhe. (DL:30/GSTR)

Tembung **ontang-antinge** wonten ing data 30 nggadhahi teges ‘putranipun ingkang setunggal thil’. Tembung **ontang-anting** menika kalebet jinis dwilingga semu amargi wujudipun sami kaliyan dwilingga utawi dwilingga salin swara nanging boten saged dipunpanggihi tembung lingganipun. Tembung menika sejatosipun boten kenging *proses reduplikasi*. Menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingga, tembung menika boten wonten tegesipun. Umpaminipun, tembung lingganipun ontang, menika boten nggadhahi teges. Tembung menika ugi boten gadhah kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung **ontang-antinge** menika nedahaken *makna penekanan* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken teges *penekanan*. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **ontang-antinge** menika dipunginakaken kangge nyangetaken suraos bilih Pramana menika putra tunggalipun.

“Mokal yen ora duwe kaluputan kok njur **plendak-plenduk** nyuwan-nyuwun ngapura!” (DL:47/GSTR)

Tembung **plendak-plenduk** wonten ing data 47 nggadhahi teges ‘boten kenceng kekarepanipun’. Tembung **plendak-plenduk** menika kalebet jinis dwilingga semu amargi wujudipun sami kaliyan dwilingga utawi dwilingga salin swara nanging boten saged dipunpanggihi tembung lingganipun. Tembung menika sejatosipun boten kenging *proses reduplikasi*. Menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingga, tembung menika boten wonten tegesipun. Umpaminipun, tembung lingganipun plendak, menika boten nggadhahi teges. Tembung menika ugi boten gadhah kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung **plendak-plenduk** menika nedahaken *makna ketidaktentuan* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken solah bawa paraga. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **plendak-plenduk** menika dipunginakaken kangge ngandharaken teges tansah bilih paraga tansah boten kenceng kekarepanipun.

Runtang-runtung kaya mantan anyar, mangka isih pacaran. (DL:54/GSTR)

Tembung **runtung-runtung** wonten ing data 54 nggadhahi teges ‘tansah awor boten nate pisah’. Tembung **runtung-runtung** menika kalebet jinis dwilingga semu amargi wujudipun sami kaliyan dwilingga utawi dwilingga salin swara nanging boten saged dipunpanggihi tembung lingganipun. Tembung menika sejatosipun boten kenging *proses reduplikasi*. Menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingga, tembung menika boten wonten tegesipun. Umpaminipun, tembung lingganipun runtung, menika boten nggadhahi teges. Tembung menika ugi boten gadhah kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung **runtung-runtung** menika nedahaken *makna penekanan* awit saking *proses reduplikasi* amargi nedahaken teges *penekanan*. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun,

tembung **runtung-runtung** menika dipunginakaken kangge ngandharaken teges tansah bilih paraga tansah awor boten nate pisah kados mantan enggal.

Wira-wiri nganti kaya gangsingan. (DL:65/GSTR)

Tembung **wira-wiri** wonten ing data 65 nggadhahi teges ‘mlampah wongsal-wangsul’. Tembung **wira-wiri** menika kalebet jinis dwilingga semu amargi wujudipun sami kaliyan dwilingga utawi dwilingga salin swara nanging boten saged dipunpanggihi tembung lingganipun. Tembung menika sejaatosipun boten kenging *proses reduplikasi*. Menawi dipunwangslaken wonten ing tembung lingga, tembung menika boten wonten tegesipun. Umpaminipun, tembung lingganipun wiri, menika boten nggadhahi teges. Tembung menika ugi boten gadhah kalenggahan piyambak wonten ing ukara. Tembung **wira-wiri** menika nedahaken *makna jamak* awit saking *proses reduplikasi* amargi mlampah kanthi terus-terusan wongsal-wangsul. Menawi dipunpirsani saking konteks ukaranipun, tembung **wira-wiri** menika dipunginakaken kangge ngandharaken teges jamak bilih paraga anggenipun mlampah wongsal-wangsul sampun dados kados gangsingan.

5. PANUTUP

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan panganggening tembung rangkep wonten ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose kangge nggamaraken wosipun cariyos sampun kaandharaken wonten ing bab sekawan saged dipunpendhet dudutanipun wonten ing ngandhap menika.

- a. Wonten ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose menika dipunpanggihi 5 jinis tembung rangkep, inggih menika dwilingga, dwipurwa, dwilingga salin swara, dwilingga mawi wuwuhan, saha dwilingga semu.
- b. Makna ewahipun tembung awit saking proses reduplikasi ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose menika dipunpanggihi 3 jinis inggih menika, *makna jamak, makna ketidaktentuan* saha *makna penekanan*.
- c. Ginanipun tembung rangkep wonten ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose menika boten namung kangge ngandharaken teges jamak nanging saged dipunginakaken kangge nyagetaken suraos kangge nggamaraken wosipun cariyos, bilih paraga wonten cerkak inggih, Ayu menika ethes, boten kleamak-klemek saha menawi taksih nandangi pagaweyan katingal cag-ceg. Kejawi menika tembung rangkep ugi kangge ngandharaken teges sanajan, ngandharaken teges tansah, nggadhahi teges gadhah saha ateges samubarang ingkang kaananipun kados ingkang kacetha ing lingganipun tembung.

Panaliten menika ngrembag panganggenipun tembung rangkep wonten ing kempalan cerkak Godhong Suruh Temu Rose kangge nggamaraken wosipun cariyos. Panaliten menika dipunkajengaken saged paring pangertosan bilih tembung rangkep menika boten namung dipunginakaken kangge ngandharaken bab jamak, nanging saged dipunginakaken kangge nyagetaken suraos, ngandharaken teges sanajan, ngandharaken teges tansah, nggadhahi teges gadhah saha ateges samubarang ingkang kaananipun kados ingkang kacetha ing lingganipun tembung.

Panaliti ingkang ngrembag bab tembung rangkep menika taksih sekedhik. Wonten ing panaliten menika panaliti namung ngginakaken kempalan cerkak kangge dhasaring panaliten kasebat. Panaliti ugi namung ngandharaken panganggenipun sedaya jinis tembung rangkep dereng spesifik. Pramila, kaangkah wonten ing panaliten salajengipun saged dipunrembag malih tembung rangkep ing spesifik tembung rangkep verba utawi sanesipun ngginakaken wacana sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Antunsuhono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa II*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Herawati, Nanik. 2010. *Reduplikasi Bervariasi Bunyi dalam Bahasa Jawa di Klaten*. Klaten.
- Mulyana. 2007. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Ramlan, 1987. *Morfologi Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV Karyono.
- Sasangka, Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian Untuk Pengajaran Bahasa Asing Pendekatan Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Sugito, H. S. 2011. *Godhong Suruh Temu Rose*. Yogyakarta: Garudhawaca.

PENINGKATAN